

## SUPADOS BASA JAWI LANGKUNG NGREMBOKO

Dening:  
Suwartono

Jurusan Basa Inggris, Fakultas Keguruan lan Ilmu Pendidikan  
Universitas Muhammadiyah Purwokerto  
Jawi Tengah, Indonesia  
[suwartono2006@yahoo.co.id](mailto:suwartono2006@yahoo.co.id)

### Ringkesan

Sak menika basa Jawi kapetang basa ingkang lumayan kathah dipunengge dening warga ndonya. Miturut pritungan, basa Jawi ngenggeni urutan 20. Kawontenan menika kedah dipunjagi lan, menawi saget, derajat ingkang sampun dipungayuh menika dipunjunjung langkung inggil malih.

Lumantar makalah menika, badhe dipunaturaken uneg-uneg ingkang wonten gandheng celengipun kaliyan priipun supados basa Jawi menika saget langkung ngremboko lan kondang kawentar teng jagad raya. Babagan menika wigatos sanget dipunpenggalih khususipun dening warga ingkang rumaos "asli" saking Jawi, utawi sinten kemawon ingkang hanggadhahi raos handarbeni dhumateng basa Jawi, supados kawontenan tiang Jawi lan ugi kabudayanipun langkung dipunakeni dening kelompok-kelompok warga ndonya sanesipun.

Wonten 5 perkawis ingkang dipunaturaken teng makalah menika. Sepindah, nuwuhaken raos remen kawula mudha tumrapipun budaya leluhur piyambak. Perkawis piwulangan basa Jawi teng sekolah kedah dipunjejegaken. Sanesipun, keluarga kedah dados papan utama kangge nepangaken sarta ngangge basa Jawi sedinten-dinten. Kejawi menika, sesrawungan ngangge basa Jawi kedah dipunusumaken. Inggang pungkasan, sinten kemawon ingkang taksih sinau ngangge basa Jawi kedah dipunbombong, sinaosa taksih ndamel kelepatan. Gamblangipun 5 perkawis menika dipunbeberaken wonten mandap niki.

"Batik Solo menika sae. Batik namung didamel wonten Solo, corakipun beda kaliyan daerah sanesipun" ("Suara Merdeka", 8 Agustus 2008)

Sak menika basa Jawi kapetang basa ingkang lumayan kathah dipunengge dening warga ndonya. Miturut pinemu Coulmas (2005) 96 persen langkung warga ndonya sinau mawi salah satunggaling 20 basa paling "ageng" teng jagad raya. Basa Jawi wonten teng urutan 20. Temtu kemawon kawontenan menika kedah dipun langgengaken. Menawi saget, malah dipuninggilaken. Boten wonten ingkang langkung rumaos remen teng penggalih kejawi tiang Jawi minangka warga tlatah

## SUPADOS BASA JAWI LANGKUNG NGREMBOKO

Dening:  
Suwartono

Jurusan Basa Inggris, Fakultas Keguruan lan Ilmu Pendidikan  
Universitas Muhammadiyah Purwokerto  
Jawi Tengah, Indonesia  
[suwartono2006@yahoo.co.id](mailto:suwartono2006@yahoo.co.id)

### Ringkesan

Sak menika basa Jawi kapetang basa ingkang lumayan kathah dipunengge dening warga ndonya. Miturut pritungan, basa Jawi ngenggeni urutan 20. Kawontenan menika kedah dipunjagi lan, menawi saget, derajat ingkang sampun dipungayuh menika dipunjunjung langkung inggil malih.

Lumantar makalah menika, badhe dipunaturaken uneg-uneg ingkang wonten gandheng celengipun kaliyan priipun supados basa Jawi menika saget langkung ngremboko lan kondang kawentar teng jagad raya. Babagan menika wigatos sanget dipunpenggalih khususipun dening warga ingkang rumaos "asli" saking Jawi, utawi sinten kemawon ingkang hanggadhahi raos handarbeni dhumateng basa Jawi, supados kawontenan tiang Jawi lan ugi kabudayanipun langkung dipunakeni dening kelompok-kelompok warga ndonya sanesipun.

Wonten 5 perkawis ingkang dipunaturaken teng makalah menika. Sepindah, nuwuhaken raos remen kawula mudha tumrapipun budaya leluhur piyambak. Perkawis piwulangan basa Jawi teng sekolah kedah dipunjejegaken. Sanesipun, keluarga kedah dados papan utama kangge nepangaken sarta ngangge basa Jawi sedinten-dinten. Kejawi menika, sesrawungan ngangge basa Jawi kedah dipunusumaken. Inggang pungkasan, sinten kemawon ingkang taksih sinau ngangge basa Jawi kedah dipunbombong, sinaosa taksih ndamel kelepatan. Gamblangipun 5 perkawis menika dipunbeberaken wonten mandap niki.

"Batik Solo menika sae. Batik namung didamel wonten Solo, corakipun beda kaliyan daerah sanesipun" ("Suara Merdeka", 8 Agustus 2008)

Sak menika basa Jawi kapetang basa ingkang lumayan kathah dipunengge dening warga ndonya. Miturut pinemu Coulmas (2005) 96 persen langkung warga ndonya sinau mawi salah satunggaling 20 basa paling "ageng" teng jagad raya. Basa Jawi wonten teng urutan 20. Temtu kemawon kawontenan menika kedah dipun langgengaken. Menawi saget, malah dipuninggilaken. Boten wonten ingkang langkung rumaos remen teng penggalih kejawi tiang Jawi minangka warga tlatah

asal mulanipun basa kasebat mbok menawi teng satunggaling mangsa mangke basa Jawi saget jaya teng jagad raya.

Perkawis sinten mawon ingkang kedah ngrembokoaken basa Jawi temtu kemawon sedaya tiang ingkang rumaos ndherek andarbeni lan angrungkebi tumrapipun basa Jawi, khususipun tiang Jawi ingkang mapan teng tlatah Jawi. Babagan menika wigatos sanget dipunpenggalih amargi perkawis basa menika perkawis pilihan lan saingan. Tiang sakpurunipun milih pundi rupi (upaminipun basa, dialek, lan logat) ingkang langkung dipunremeni. Awit saking menika, ahli saking mancanegari inggih menika Sagart (2001) nyebataken bilih sasampunipun tahun <sup>2100</sup> ~~2010~~ kinten-kinten sepalih saking 5000 ngantos 6700 basa teng jagad raya ingkang taksih ngantos sak menika badhe sirna. Mugi-mugi kemawon kanthi upaya-upaya sae kados adicara ageng ingkang saweg dipunwontenaken menika basa Jawi mboten badhe kalebet ingkang ngalami nasib kasebat wau.

Supados basa Jawi menika saget langgeng, langkung-langkung saget ngremboko ing pundike mawon panggenan, kalebet tlatah manca kedah dipunpenggalih perkawis-perkawis ingkang kasebat wonten mandap niki.

1. Nuwuhaken raos remen kawula muda tumrapipun budaya leluhur piyambak

Nuswantara Indonesia sampun kondang kawentar sajagat raya babagan kabudayanipun, langkung-langkung wonten teng tlatah Jawi. Kabudayan Jawi hanggadhahi nilai luhur lan becik. Tuladhanipun, sesrawungan priyantun Jawi mitungaken yuswa, lembah manah, lan tatakrama. Semanten ugi, basa lan sastranipun. Basa Jawi sugih basa rinengga. Werni-werni sanget ujud kusastran Jawi ingkang mujudaken sugihing pinemu tiang Jawi. Tembung cangkriman (kadosto “njanur gunung”) lan sanepa (tembung “suwe mijet wohing ranti”) awis-awis tinemu ing kusastran basa sanes. Aksara Jawi mawon wonten tegesipun ingkang jero, kadosto 5 aksara ingkang kawitan ingkang mucalaken tauhid. Kesenian jawi, upaminipun seni “Begalan” saking Banyumas kathah mbobot falsafah, donga, lan kekarepan.

Kathah tiang saking manca nagari ingkang sinau wayang, nari, nabuh gamelan, sastra Jawi lan sanes-sanesipun. Ananging mboten kathah ingkang nyinaoni basa Jawi, amargi sawentawis wekdal basa Jawi dereng

dipunbetahaken. Ananging kedah dipunserat bilih wolak-walikipun mangsa kawontenan menika saget kemawon brubah sawekdal-wekdal. Rumiyan, basa Latin dados basa jagad. Lajeng, basa Perancis nggantosi. Basa Inggris jaya sak sampunipun, ngantos dumugi sak menika.

Basa Jawi saged-saged kemawon kondang kawentar kados basa Inggris. Temtu, menawi sampun mekaten tiang Jawi badhe remen teng penggalih, amargi basanipun dipuntampi lan petangaken dening kelompok menungsa sanesipun. Basa makili kabudayan. Tiang ingkang basanipun mboten dipuntampi dening kelompok sanes rumaos kelompok sosial sarta budayanipun ugi mboten dipuntampi (Kramsch, 1998:3). Kosok wangsulipun, basa Jawi saget sirna saking ndonya menawi mboten dipunuri-uri dening kelompok masyarakat Jawi piyambak. Kejawi saking menika, saget kemawon basa Jawi kabedhol oyotipun saking tlatah Jawi menawi mboten dipunjagi kanthi turun tumurun. Becikipun kita sedaya nyumurupi warisan leluhur arupi budaya Jawi menika sakderengipun dipuntemu dening kelompok menungsa utawi bangsa sanes.

## 2. Piwulangan basa Jawi ingkang ngeremenaken

Menawi nggatosaken lampahipun pasinaonan utawi wulangan basa Jawi ing sekolah-sekolah ugi punapa ingkang dipungayuh siswa, kadosipun taksih dereng kados punapa ingkang dados pengajengipun kita sedaya. Pasinaonan basa Jawi taksih langkung kathah adhedhasar basa seratan katimbang lisan. Kejawi saking menika lumampahing pasinaonan taksih kapitang kuno lan kirang ngremenaken. Cara-cara sinau basa ingkang trep kangge lare, kadosto dolanan lan nembang, dereng dados kabudayan. Tuladha nyata, lare ingkang mboten mahir basa Jawi, menawi dipunparingi damelan supados nembang macapat, tembang-tembang dolanan, lan campursari cepet apal, dados sae pangucapanipun lan ugi lancar. Menika sedaya wau amargi raos remen, sinau mboten patosa kraos.

Kejawi saking menika lomba-lomba basa Jawi ingkang ngremenaken, kados nembang, deklamasi, lan pidato mawi basa Jawi ingkang sampun dipunrintis kedah dipunsengkuyung lan ramekaken minangka siar basa sarta budaya Jawi. Seratan-seratan (kados teng seratkhabar "Suara Merdeka") lan acara-acara

ngangge basa Jawi teng sesrawungan sinaosa dereng sampurna. Inggang wigatos inggih menika anggenipun nggangge basa Jawi ndamel sami-sami mangertos.

### **Ringkesing Atur**

Supados basa Jawi langkung ngremboko warga masyarakat Jawi lan sedaya ingkang nggadhahi raos handarbeni tumrapipun basa Jawi kedah tanggap ing sasmita sarta wonten upaya-upaya ingkang temen lan nyata khususipun saking kawula mudha, tiangsepah, guru basa Jawi, lan kantor pendidikan lan kabudayan. Sawentawis wekdal menika, ingkang ndheseke inggih menika (1) nuwuhaken raos remen kawula muda tumrapipun budaya leluhur piyambak; (2) piwulangan basa Jawi kedah dipunjejegaken; (3) tiangsepah paring tuladha dhateng anggota keluarga; (4) sesrawungan ngangge basa Jawi; lan (5) bimbingan lan petedah ingkang sae dhumateng sinten kemawon ingkang taksih sinau ngangge basa Jawi. Namung kados makaten menika basa Jawi bakal lepat saking ancaman sirna. Malah, saget minggah kewentaripun. Mugi Gusti Inggang Pinasih ngijabahi. Jenang sela wader kalen sesondheran, apuranta menawi wonten lepat kawula.

### **Pustaka Rujukan**

- "Agus dan Dipta PPS 2008: Berbahasa Inggris Lancar, Jawa Grogī", *Suara Merdeka*, 8 Agustus 2008.
- Coulmas, Florian, 2005, *Sociolinguistics: The Study of Speakers' Choices*, Cambridge: Cambridge University Press
- Dewi, Niken Utari "Mari Berbahasa Jawa", *Suara Merdeka*, 2 Agustus 2008.
- Gee, J.P., 1993, *An Introduction to Human Language: Fundamental Concepts in Linguistics*, New Jersey: Prentice-Hall
- Kramsch, Claire, 1998, *Language and Culture*, Oxford: Oxford University Press
- Sagart, Laurent, "Languages: A Heritage to be Preserved", *Keys to the 21<sup>st</sup> Century*, Jerome Binde (editor), 2001, Berghahn Books & UNESCO Publishing
- Suwartono, "Belajar Berfilsafat melalui Lirik Tembang", *Insania: Jurnal Pemikiran Alternatif Kependidikan*, vol. 12, no. 1, Januari – April 2007
- Suwartono, "Bahasa pada Adat Begalan Banyumas", *Leksika: Jurnal Bahasa, Sastra dan Pengajarannya*, vol. 1, no. 2, Agustus 2007